

**Patient (Female)**

Yèswa apre travay, pandan mwen t ap kouri pou m al pran bis, mwen tonbe epi m blese bra m. Doulè a te di anpil, men mwen te pè pou doktè a pa konprann mwen, mwen tann jiska minwi pou mwen ale nan sal ijans. Li pi fasil pou mwen esplike pwoblèm sante mwen genyen an kreyòl, pase pou di l an angle.

**Voice over (Male)**

Si ou gen yon ijans medikal, pa tann yon zanmi oubyen yon fanmi. Depi ou nan sal ijans lan, mande sèvis yon entèprèt, se dwa ou. Entèprèt la pale angle, li pale fransè e li konnen langaj medikal la byen. Li kapab òganize pou oumenm oubyen ak doktè w la resevwa bon enfòmasyon.

**Patient (Female)**

Kounye a depi m ale lopital, mwen mande pou yon entèprèt. Konsa, doktè a jwenn enfòmasyon li bezwen e mwenmenm mwen jwenn swen mwen bezwen.

**Voice over (Male)**

Si ou bezwen yon entèprèt, pa ezite mande. Mesaj sa a soti nan Depatman sante piblic Massachusetts